



RÈGLEMAN SOU TRANSISYON POU PATI D

HealthSun Health Plans (HSHP) vle asire w ke ou, antanke yon nouvo oswa ansyen manm, fè yon tranzisyon nan nouvo ane avantaj la nan yon fason ki an sekirite epi san pwoblèm. Ou ka kounye a ap pran medikaman Pati D ki apwouve men ki pa sou lis fòmilè nou an, oswa ki sou lis fòmilè nou an men ki ka mande otorizasyon davans, esè terapi etap, oswa lòt règjesyon itilizasyon ki apwouve pa Medicare. Nan ka tankou sa yo, w ap bezwen pale ak doktè ou sou terapi altènativ apwopriye ki ka disponib. Si pa gen okenn altènativ apwopriye ki disponib, oumenm oswa doktè ou ka mande yon eksepsyon nan fòmilè. Si yo apwouve eksepsyon fòmilè a, w ap kapab jwenn medikaman an pou yon peryòd espesifik.

Si yo idantifye w kòm yon manm tranzisyon, w ap kalifye pou resevwa yon ranplisaj tranzitwa epi yo pral voye yon lèt ba ou ak enstriksyon sou kijan pou kontinye ak pwosesis eksepsyon an. Senaryo sa yo ka aplike nan pwosesis tranzisyon an:

- Nouvo benefisyè ki enskri nan plan (HSHP) an apre peryòd eleksyon kowòdone anyèl la
- Nouvo benefisyè (HSHP) ki chanje soti nan yon lòt plan apre kòmansman yon ane kontra
- Benefisyè ki fèk elijib pou Medicare ki soti nan lòt kouvèti asirans
- Benefisyè aktyèl ki afekte pa chanjman negatif nan fòmilè a pandan ane kontra a
- Benefisyè ki rete nan menm plan an pou nouvo ane plan an epi ki sou yon medikaman ki te rezulta yon eksepsyon ki te akòde nan ane plan anvan an.
- Ekstansyon peryòd tranzisyon pou benefisyè ki mande yon eksepsyon men ki pa jwenn yon desizyon alè sou demann lan nan fen peryòd tranzisyon an.
- Benefisyè ki abite nan etablisman swen alontèm (LTC), ki gen ladan benefisyè yo admèt oswa egzeyate nan yon etablisman LTC
- LTC ak Nouvo Pasyan/Nivo Chanjman Swen
- Benefisyè aktyèl ki nan yon anviwònman swen alontèm (LTC) ki bezwen yon rezèv ijans pou yon medikaman ki pa nan fòmilè a.

Egzijans pwosesis tranzisyon an ap aplikab pou medikaman ki pa nan fòmilè ak sa ki nan fòmilè yo avèk yon modifikasyon jesyon itilizasyon, sa vle di:

- Medikaman ki kouvri anba Pati D ki pa sou fòmilè HSHP ki aplikab la.
- Medikaman Pati D ki sou fòmilè HSHP aplikab la men ki bezwen otorizasyon davans
- Medikaman Pati D ki mande terapi etap epi ki sou fòmilè HSHP ki aplikab la; tranzisyon an pèmèt reklamasyon an trete atravè lojik pwogram terapi etap epi anrejistre nan istwa a apwopriye.
- Medikaman Pati D ki sou fòmilè HSHP ki aplikab la ak yon limit kantite (QL) ki pi ba pase dòz aktyèl benefisyè a, selon règjesyon itilizasyon HSHP yo.

HSHP ap fè yon revizyon medikal pou demann medikaman ki pa sou fòmilè a, epi lè sa apwopriye, n ap ede nouvo benefisyè yo chanje pou yon altènativ ki sou fòmilè a epi ki apwopriye terapeutikman si demann lan pa satisfè nesesite medikal. Pwosedi pou chanje pou yon altènativ ki sou fòmilè a dekri nan lèt notifikasyon refi ki bay manm nan.

Famasi yo ka bay yon rezèv tanporè pou medikaman Pati D ki pa sou fòmilè a. Yo bay rezèv tanporè pou:

- akomode bezwen imedya yon benefisyè, osi byen ke pou
- bay benefisyè a ase tan pou l travay avèk moun k ap preskri a pou yon chanjman apwopriye pou yon medikaman ki nan fòmilè a epi ki se yon ekivalan terapeutik oswa,
- pou pèmèt ranpli yon demann eksepsyon pou kenbe kouvèti yon medikaman ki egziste deja baze sou rezon nesesite medikal.

POU PLIS ENFÒMASYON:

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kouvèti medikaman sou preskripsiyon HealthSun Health Plans ou a, tanpri revize Prèv Kouvèti (EOC) ou a. Si w gen kesyon sou HealthSun Health Plans, tanpri rele Sèvis pou manm yo gratis (877) 336-2069, sèt jou pa semèn ant 8:00 AM ak 8:00 PM, lè Lès. Itilizatè TTY yo ta dwe rele (877) 206-0500.

Si w gen kesyon jeneral sou kouvèti medikaman sou preskripsiyon Medicare, tanpri rele Medicare nan (800) MEDICARE (633-4227) 24 èdtan pa jou/7 jou pa semèn. Itilizatè TTY/TDD ta dwe rele 1(877) 486-2048 oswa vizite www.medicare.gov